



Pou Piblikasyon Imedya: 17/03/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO AK PWOKIRÈ JENERAL JAMES SISPANN TANPORÈMAN
REKOUVREMAN DÈT ETA A NAN REPONS AK CORONAVIRUS LA**

***Pèman Moun New York ki Gen Dèt Etidyan, Medikal, ak Lòt Dèt ki Gen Rapò ak
Eta a Ap Friz pandan Omwen 30 Jou***

Gouvènè Andrew M. Cuomo ak Pwokirè Jeneral Letitia James te anonse jodi a ki — anvigè imedyatman — eta a ap entèwonp tanporèman rekouvremant dèt medikal ak dèt etidyan yo dwe a Eta New York e ki te ranvwaye bay Biwo Pwokirè Jeneral la (Office of the Attorney General, OAG) pou rekouvremant, pandan omwen yon peryòd 30 jou, nan repons ak defisyans finansye akòz pwopagasyon coronavirus 2019 la, oubyen COVID-19. Yon kantite Moun New York enkalkilab te afekte — dirèkteman oubyen endirèkteman — pa pwopagasyon COVID-19 la, ki fòse yo renonse a revni ak biznis yo. Nan yon efò pou sipòte travayè ak fanmi sa yo epi fasilite chaj finansye yo, OAG ap entèwonp rekouvremant dèt medikal ak dèt etidyan yo dwe a Eta New York e ki te ranvwaye bay OAG pou rekouvremant depi 16 mas 2020 rive 15 avril 2020. Apre peryòd 30 jou sa, OAG ap reevalye bezwen rezidan eta yo pou yon ekstansyon posib. Anplis, OAG ap aksepte aplikasyon pou sispansyon tout lòt kalite dèt yo dwe Eta New York epi ki te transfere nan OAG pou rekouvremant.

"Pliske enpak finansye kriz emèjan sa ap grandi, n ap fè tout sa nou kapab pou sipòte plizyè milye Nouyokè k ap soufri akòz entèripsyon ke pandemi COVID-19 la lakoz", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Nouvèl aksyon sa pou sispann tanporèman rekouvremant dèt yo dwe eta a ap ede dimiyè enpak finansye negatif epidemi a sou moun, fanmi, kominote ak biznis nan Eta New York, pandan n ap kontinye fè tout sa nou kapab pou ralanti pwopagasyon viris la."

"Nan moman kriz sa, biwo mwen an p ap ajoute strès aleksè oubyen akable Moun New York yo ak chaj finansye ki pa nesèsè", **Pwokirè Jeneral James te deklare.** "Nouyokè yo bezwen konsantre yo sou kenbe tèt yo an sekirite epi an sante de coronavirus la, e donk yo ka rete asire ke dèt medikal ak dèt etidyan ki te transfere nan biwo mwen an p ap rekouvre kont yo pandan omwen 30 jou. Sa se moman kote Moun New York yo dwe rasanble epi kore youn lòt, ki se rezon mwen angaje pou fè tout sa ki nan pouvwa mwen pou sipòte rezidan eta nou yo."

OAG a rekouvre dèt yo dwe Eta New York atravè rezolisyon ak pouwit yo entante nan non Eta New York ak ajans eta yo. Yon total plis pase 165,000 ka reponn aktyèlman a kritè pou yon sispansyon rekouvremant dèt eta a, ki enkli, men ki pa limite a:

- Pasyan ki dwe dèt medikal nan senk lopital piblik yo ak senk mezon ansyen militè yo;
- Etidyan ki dwe dèt etid a kanpis Inivèsite Eta New York yo; ak
- Debitè endividyèl, pwopriyetè endividyèl, pwopriyetè ti biznis, ak kèk pwopriyetè kay ki gen dèt ki lye ak depans netwayaj ak eliminasyon devèsman gaz, domaj pwopriyete, ansanm ak vyolasyon kontra, ak lòt frè yo dwe ajans eta yo.

Politik tanporè a ap sispann otomatikman akimilasyon enterè ak rekouvremant frè sou tout dèt medikal ak dèt etidyan aryere ki te transfere bay OAG pou rekiperasyon yo, pou Nouyokè yo pa penalize paske yo te benefisye de pwogram sa.

Nouyokè ki pa dwe dèt medikal oubyen dèt etidyan a Eta New York ki te transfere nan OAG, ka aplike tou pou entèwonp tanporèman rekouvremant dèt eta yo. Moun k ap chèche aplike pou soulajman tanporè ka [ranpli yon aplikasyon sou entènèt](#) oubyen vizite [Sit entènèt sou coronavirus OAG a](#) pou aprann plis sou sispansyon pèman yo. Si yon moun pa ka ranpli fòm anliy lan, yo ka rele liy ijans OAG a tou nan 1-800-771-7755 pou aprann plis.

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)